



Perubahan sifat kang awon dados becik punika pratandhane tiyang kang mukmin, kados dene salah setunggale kisah ing zaman Kanjeng Nabi Muhammad saw. Wonten sakwijining dina, wonten tiyang ingkang dereng mlebet agami Islam, sowan dhateng Kanjeng Nabi.

Kanjeng Nabi lajeng maringi suguhan arupi susu, ingkang dipun unjuk kaliaan tamune wau. Nalika, susune ing gelas sampun telas, Kanjeng Nabi maringi malih susu, lan dipun telaske ngantos dumugi pitu (7) gelas lan akhire tamu punika pamit kondur.

Lajeng, wonten ing wekdal sanese, tamu menika sowan malih dhateng Kanjeng Nabi. Ananging wonten ing wekdal sakmenika, piyambake sampun mlebet agami Islam. Dipun suguh malih sakgelas susu. Lajeng dipun unjuk kaliaan tamu. Badhe dipun suguhi malih. Tamu ingkang sampun dados sahabat punika malah mboten kersa ngunjuk malih.

Piyambake matur, punika sak gelas susu sampun cekap. Lajeng Kanjeng Nabi paring pangandikan:

الْمُؤْمِنُ يَشْرَبُ فِي مَعَىٰ وَاحِدٍ وَالْكَافِرُ يَشْرَبُ فِي سَبْعَةِ أَمْعَاءِ

Artosipun, "Wong mukmin, iku (ngrasa cukup) ngombe ing dalem siji (gelas) banyu, lan anapun wong kafir iku (bakal krasa nembe puas) ngombe ing pitu (gelas) pira-pira banyu." (Riwayat Imam Muslim).

Kisah punika maringi kita pelajaran, mestine bakal kathah perubahan, nalika tiyang kang taksih duweni sifat jahiliyah lajeng dados tiyang kang mukmin. Sifat tamak berubah dados sifat qanaah.

Pramila, mestine ugi tumerap tiyang kang sampun rampung nglampahi ibadah pasa, bakal wonten perubahan sifat kang langkung sahe, tinimbang sakderenge pasa.

Sebab kanthi ngeker saking perkara kang mbatalake pasa, paling mboten kita saget jaga saking tiga perkawis kang saget dados sumbere mala. Kanjeng Nabi Muhammad saw sampun paring pangandikan:

إِنَّ مِمَّا أَحْسَىٰ عَلَيْكُمْ شَهَوَاتِ الْغَيِّ فِي بُطُونِكُمْ وَفُرُوجِكُمْ وَمُضَلَّاتِ الْهَوَىٰ

Artosipun, "Saktemene ing sun (Kanjeng Nabi) iku khawatir ingatase sliramu kabeh, saking pira-pira syahwat ing dalem weteng lan farjine sira kabeh, lan hawa nafsu kang bakal nyasarke." (HR Ahmad).

Sampun ngantos kita dados budak hawa nafsu ing akhire gadah sifat konsumerisme, tamak, lan sapadhane. Utawi mboten saget jaga farji, ing akhire kathah sanget fenomena perselingkuhan, zina, seks bebas, lan liya-liyane. Na'udzubillahi min dzalik. Tiyang ingkang uripe namung nuruti hawa nafsu bakal angsal siksa saking Gusti. Dhawuhipun Allah swt:

وَيَوْمَ يُعْرَضُ الَّذِينَ كَفَرُوا عَلَى النَّارِ أَلْهَبْتُمْ طَيِّبَاتِكُمْ فِي حَيَاتِكُمُ الدُّنْيَا وَاسْتَمْتَعْتُمْ بِهَا فَالْيَوْمَ تُجْزَوْنَ عَذَابَ الْهُونِ بِمَا كُنْتُمْ تَسْتَكْبِرُونَ فِي الْأَرْضِ بِغَيْرِ الْحَقِّ وَبِمَا كُنْتُمْ تَفْسُقُونَ

Artosipun, "Ana ing dina wong-wong kafir den suguhake (weruhake) neraka. Dheweke mahu padha den ngendikani: sira kabeh wis padha anelasake kesenangan ira kabeh ana ing dunya, sarana anggon ira kabeh katungkul seneng-seneng sakjerone urip ana ing alam dunya. Mula ana ing dina iki, sira kabeh diwales rupa siksa kang ina, sebab anggon ira kabeh padha gumedhe ana ing bumine Allah, tanpa alesan sing bener. Lan uga sebab anggon sira kabeh padha fasik," (Surat Al-Ahqaf ayat 20).

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ، وَاللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ وَاللَّهُ أَحْمَدُ

Jamaah shalat Idul Fitri rahimakumullah

Tiyang ingkang saget mengendalikan hawa nafsu, piyambake bakal dados tiyang kang bersih, begja lan slamet utawi ingkang dipun wastani fitrah. Kanthi fitrah menika, kita bakal angsal kabegjan lan kesuksesan lahir batin. Lan kangge mensyukuri nikmat punika, mangga kita ngathah-ngathahaken maos takbir lan dzikir, ngagungake asmane Allah.

Mekaten atur khutbah wonten ing kesempatan menika. Kangge mungkasi khutbah punika, mangga kita tansah dedunga. Mugi-mugi kita sedaya didadosaken Allah ta'ala, kalebet tiyang ingkang takwa, begja

dunya lan akhirat. Dingapura sedaya dosa kita. Ditampi sedaya amal ibadah kita. Lan mugi-mugi kita dikempalke Allah sareng keluarga, guru-guru kita, lan Kanjeng Nabi Muhammad saw wonten ing suwarganipun Allah ta'ala. Amin. Allahumma amin.

،جَعَلْنَا اللَّهُ وَإِيَّاكُمْ مِنْ الْعَائِدِينَ وَالْفَائِزِينَ وَالْمَقْبُولِينَ، وَأَدْخَلْنَا وَإِيَّاكُمْ فِي زُمْرَةِ عِبَادِهِ الصَّالِحِينَ، أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَاسْتَغْفِرُ اللَّهَ لِي وَلَكُمْ وَلِوَالِدَيْنا وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، فَاسْتَغْفِرُهُ إِنَّهُ هُوَ الْعَفُورُ الرَّحِيمُ

